

Grèf Aplo-idantik San oswa Mwèl zo (Blood or Marrow Transplant, BMT)

Si w aprann plis sou chwa tretman ou genyen yo, sa ka ede w pran desizyon reflechi sou swen sante w. Pou sèten pasyan, yon grèf san oswa mwèl zo (BMT) ki soti nan yon donè aplo-idantik (matche a mwatye) ka yon chwa.

FÈY ENFÒMASYON SA A FÈ W KONNEN:

- Kisa yon grèf aplo-idantik ye
- Enfòmasyon sou pwosesis don an
- Risk ak avantaj ki gen nan yon grèf aplo-idantik
- Kesyon pou w poze konpayi asirans sante w ak doktè w

KISA KI YON GRÈF APLO-IDANTIK?

- Yon grèf aplo-idantik se yon kalite **alogrèf**.
- Aplo-idantik vle di donè a matche a mwatye epi li fanmi pasyan an.

Yon alogrèf itilize selil ansante ki pwodui san ki soti nan yon donè pou ranplase sa ki pa ansante yo. Doktè yo eseye jwenn yon donè ki gen selil ki koresponn ak selil ou depre. Pou fè sa, yo egzamine **makè antijèn lekosit imen (Human Leukocyte Antigen, HLA) yo**. Yo sou pifò selil nan kò a.

Yon grèf aplo-idantik se lè donè a **matche mwatye nan HLA ou egzakteman**. Yon donè aplo-idantik, oswa ki matche a mwatye, ka reprezante yon opsyon si doktè w pa ka jwenn yon donè ki matche depre oswa yon inite san kòd lonbrik.

Paran yo ak timoun yo toujou demi-match youn pou lòt. Frè ak sè yo gen 50% chans (1 chans sou 2) pou yo yon demi-match youn pou lòt. Gen anpil chans pou lòt manm fanmi (tankou kouzen, matant oswa tonton) ta yon demi-match.

Paske grèf aplo-idantik pi nèt, se pa tout sant grèf yo ki gen eksperyans nan domèn sa a. Sa vle di se pa tout lopital yo ki ofri opsyon sa a.

KISA PWOSESIS DON AN YE?

- Pwosesis don an menm jan pou donè ki matche nèt yo ak pou donè aplo-idantik yo.
- Yon donè aplo-idantik ka fè don swa selil souch san periferik (Peripheral Blood Stem Cell, PBSC) oswa mwèl zo.
- Doktè grèf la chwazi kalite don an dapre sa ki pi bon an pou benefisyè grèf la.

Don PBSC: Yo pran selil ki pwodui san yo nan sikilasyon san an. Pwosesis sa a rele aferèz. Anvan aferèz la, donè a resevwa piki pou ogmante kantite selil ki pwodui san li gen nan sikilasyon san l. Pandan aferèz la, yo mete yon zegwi nan chak bra donè a. Yo retire san nan yon venn nan yon bra, yo fè li pase nan yon machin, epi yo tounen mete li nan donè a nan venn lòt bra a. Machin nan retire selil ki pwodui san ke yo pral bay pasyan an.

Don mwèl zo: Yo pran selil ki pwodui san yo nan zo basen, oswa kwis. Don mwèl zo se yon operasyon chirijikal. Yon doktè itilize yon zegwi espesyal pou retire selil ki pwodui san ki nan mwèl zo a. Donè a resevwa anestezi pou li alèz pandan operasyon an.

KI RISK AK AVANTAJ KI GEN NAN YON GRÈF APLO-IDANTIK?

Avantaj yo

- Pifò pasyan ap gen yon donè ki disponib fasilman.
- Donè ki fanmi, ankontan donè aplo-idantik yo, disponib anjeneral pi bonè pou fè don an pase donè ki pa fanmi yo.
- Si yo bezwen plis selil ki pwodui san, donè aplo-idantik yo anjeneral plis disponib pou fè don yon dezyèm oswa yon twazyèm fwa.

Risk yo

- Doktè yo konnen mwens sou rezilta grèf (tankou siviv alontèm) lè yo itilize yon donè aplo-idantik.
- Li pran plis tan pou selil yo bay yo kòmanse devlope (grefe) nan pasyan an. Sa ka ogmante risk pou enfeksyon apre grèf la.
- Anjeneral, pasyan yo gen pi gwo risk pou sèten konplikasyon, tankou rejè grèf, reyaksyon grèf kont moun ki resevwa grèf la (Graft-Versus-Host Disease, GVHD), ak rechit (maladi a ki retounen).

KESYON POU W POZE KONPAYI ASIRANS SANTE W

Èske kontra asirans mwen peye pou:

- Yon alogrèf ki soti nan yon donè aplo-idantik?
- Don PBSC oswa mwèl zo manm fanmi m?

KESYON POU W POZE DOKTÈ W

- Poukisa se yon grèf aplo-idantik y ap anvizaje pou maladi mwen an?
- Èske mwen gen lòt donè ki ta koresponn ak mwen?
- Ki risk ak avantaj ki gen nan grèf ki sot nan yon donè aplo-idantik an konparezon ak itilizasyon san kòd lonbrik oswa yon donè ki pa fanmi?
- Kijan doktè yo nan sant sa a chwazi ant yon donè aplo-idantik ak yon donè ki matche ki pa fanmi?
- Ki kantite eksperyans sant grèf sa a genyen nan grèf aplo-idantik?
- Èske gen yon esè klinik sou grèf aplo-idantik mwen ta ka patisipe ladan?
- Ki manm fanmi ki ta donè aplo-idantik mwen? Kisa moun sa a dwe fè?

RESOUS POU APRANN PLIS

Be The Match® gen divès kalite resous gratis pou ede w apre grèf la. Pou w wè yon lis konplè, vizite [BeTheMatch.org/request](https://www.bethematch.org/request). Men kèk ou ta ka jwenn ki itil:

- TILIV: *Alogrèf*
- VIDEYO: *Fondamantal Grèf San ak Mwèl Zo (Blood and Marrow Transplant, BMT)*



NAN CHAK ETAP, NOU LA POU EDE W

Be The Match gen yon ekip ki devwe pou ba ou enfòmasyon ak sipò anvan, pandan, ak apre grèf la. Ou ka kontakte Sant Sipò Pasyan nou an pou poze kesyon ou ka genyen sou grèf, mande sipò pwofesyonèl oswa sipò kanmarad, oswa resevwa dokiman pou edikasyon pasyan gratis.

RELE: **1 (888) 999-6743** | IMÈL: patientinfo@nmdp.org | SITWÈB: [BeTheMatch.org/one-on-one](https://www.bethematch.org/one-on-one)



Sitiyasyon medikal, eksperyans grèf, ak gerizon chak moun diferan. Ou ta dwe toujou kontakte ekip grèf ou oswa doktè fanmi ou konsènan sitiyaasyon ou. Enfòmasyon sa yo pa la pou ranplase ni yo pa ta dwe ranplase jijman ou oswa konsèy medikal yon doktè.